КЕРЛАНАШ

# Нохчийчуьра харжамийн комиссино цІераш йаьхна Кадыровн "оппонентийн"

Марсхьокху-бутт 12, 2026




Ramzan Kadyrov

Гезгамашин-баттахь хинболчу мехкан куьйгалхочун харжамашкахь дакъалоцучарна регистраци йар дерзийна Нохчийчоьнан харжамийн комиссино. Карарчу хенахь регионан урхалхочуьнца Кадыров Рамзанца къовсалуш ву Йукъараллин палатан куьйгалхо Денилханов ИсмаьІал а, меттигера депутат Накаев Халид а.

Пачхаьлкхан "Грозный-информ" агенталло хаамбарехь, Денильханов хьалхатеттина "Нийсонан Оьрсийчоь" партино, ткъа Накаев – КПРФ-о. 2007-чу шарера схьа дуьйна Нохчийчоьнан урхаллехь лаьтта Кадыров Рамзан, "Цхьааллин Оьорсийчоь" партин цІарах гІур ву харжамашка. Оцу йукъанна ала догІу, шен политикан карьерехь дуьххьара Пачхьалкхан Думан харжамашкахь Іедалан партин тептарехь хьалхарчу меттехь ца хилира иза.

- "Кавказан узел" интернет-гІирсо билгал ма-даккхара, Кадыровн конкуренташна цкъа а ур-атталла 5% кхаьжнаш а ца кхаьчна хьалхо дІабаьхьначу харжамашкахь. 2016-чу шарахь кхин а кхаа кандидато 0,53% - 0,84% кхаьжнаш гулдинера, ткъа 2021-чу шарахь шина конкурентана вовшахтоьхча 0,4% герга кхаьжнаш кхаьчнера.

- Карарчу хенахь 49 шо долу Кадыров Рамзан цомгуш ву бохуш, тІечІагІбанза хаамаш баьржина лела 2019-чу шарахь дуьйна. 2023-чу шеран гезгамашин-баттахь цуьнан критикаша чІагІдора, иза кхетамчуьра ваьлла бохуш. Стохка бІаьста «Новая газета Европа» газето йаздира, нохчийн куьйгалхо "панкреатикан некроз" йолуш веха масех шо ду аьлла. Цу хаамашна йуккъехула Кадыровс масийттазза зорбане йохура, ша могуш хиларх тоьшалла дан гІерта видеош. Цу Іалашонца тайп-тайпана спортан упражненеш йо цо. Кадыровс бохура, хІора кхо бутт мел болу "капремонт" йо ша, ткъа ахшо мел дели "йоккха ремонт".

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю